МКОУ «Стальская гимназия»

| Рассмотрено : | Утверждаю : |
|---|---|
| Зам. директора по НМР | Директор МКОУ «Стальская гимназия» |
| ____________ | ____________ |
| Гимбатова М.Д. | Гаджимагомедов М.Я. |
| « 29 » 08.2023 | «29 » 08. 2023 |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## по родному (аварскому) языку

## 8 класс (68 ч)

Учитель- Гусейнова Г.О.

2023-2024 учебный год

## ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

...Школалъул ц1акъго к1вар бугеб масъалалъун ккола г1ун бач1унеб г1елалъе щулияб ва гъваридао лъайкьей, гьезулъ гьеб лъай практикаялда х1алт1изабизе бажари ва ругьунлъи лъугьинаби, дунялалдехун материалистияб бербалагьи бижизаби.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1даньльун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин, авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

Ахираб заманалда г1исинал миллатазул мац1ал церет1еялде ц1ик1к1араб к1вар кьолеб буго. Гьел миллатазул рук1а-рахъин цебет1еялдаго цадахъ, гьезул мац1алги бечелъула, церет1ола ва хадубккунги гьел церет1езаризе руго.

Школалда авар ма1 мальиялда цереч1арал масъалаби.

Авар ма1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъе, лексикаялъул, раг1и лъугьинальул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистакаялъул х1акъалъулъ лъайщвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1варалъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

Авар мац1алъул материал гьадин бикьун буго: V, V1 ва VII классазда малъула фонетика, лексика, раг1и лъугьин, морфология ва бит1унхъвай. Синтаксис лъазабула VIII - IX классазда. Амма синтаксисалъул ва лъалхъул ишарабазул х1акъалъулъ бищун г1адатал (авалиял) баянал V классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьуч1алда лъазабизе, калам цебет1езабиялъул ва пунктуациялъул х1алт1аби гьаризе рес бук1ине. Гьел церехун рехсарал рахъазул х1исабги гьабун, программаялда материал линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго. Гьединаб принципги кьоч1ое босун, «лексика», «раг1и льугьин», «предметияб ц1ар» г1адал темаби V ва VI классазда, «глагол» V, VI ва VII классазда кьун руго. «Бит1араб ва хъвалсараб калам» абураб тема V ва IX классазда малъулеб буго. Хут1арал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гьваридго ва г1ат1идго. Гьединго программаялда дандч1вала байбихьул классазда лъималаз лъай- хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби г1ат1идго малъизе ккола.

Программаялда т1олабго материал кьун буго лъималазул г1елазул хаслъабиги х1исабалде росун .

Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих!го ц!ализе ругьун гьари.

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.

Калам цебет1езабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.

Калам цебет1еялъул т1оцебесеб нух буго авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби.

Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьабула бат1и-бат1иял словариял х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочинениyяздалъун.

Ц1алдохъабазулгун словарияб х1алт1и гьабулелъул, гьел, жалго жидедаго ч1ун, рич1ч1уларел раг1аби ратизе, гьезул магТна учителасда гьикъизе ругьун гьари, словараздаса бит1ун пайда босизе лъай - бищунго к1вар бугел х1алт1абилъун ккола.

Калам цебет1езабиялъул к1иабилеб нух буго авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь. ц. нормаби лъай. Гьеб рахъалъ программаялда (жиб-жиб темаялъул к!иабилеб пункталда гьоркь) ч1ванкъог1ун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги лъугьине кколеб бажариги.

Калам цебет1езабиялъул лъабабилеб нухги буго авар мац1альул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жанралъул материалазда т1асан ц!алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.

Калам г1уц1изе ц!алдохъаби ругьун гьариялъе лъик1алан заманги бихьизабун буго. (Авар мац1алъе рихьизарурал саг1тазул щуго бут1а гьабун цо бут1а). Калам г1уц1изе ругьун гьари ц1ик1к1араб к!вар бугеб иш бугелъул. гьелъие мац1алъул программаялда жиб-жиб классалъе бат1аго темабиги кьун руго.

Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе, гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва г1ат1идаб план г!уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, (бицунги хъванги) изложение т1обит1изе.

Авар мац1алъул дарсазда к1вар кьезе ккола ц!алдохъабазул к1алзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие г!оло ц1алдохъаби т1амизе ккола бат1и-бат1иял темабазда т1асан **к1**алъазе.

Т1олабго лъаг1алида жанир гьарурал х1алт1абаздалъунги, изложенияздалъунги, сочинениyяздалъунги ц1алдохъабазулъ бит1араб к1алзул ва хъвавул калам г1уц1иялъул бажари лъугьине буго.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола.

Ц1алдохъабазул калам цебег1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч!валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялда бухьараб буго пасих!го ц!ализе лъазабиялъул ишги.

Пасих1го ц1алиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе художествиял текстал (хабар, маргьа, кеч1) росула.

Пасих1го ц!ализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги к1удияб к1вар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебет1езабизе.

Бит1унхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, бат1и-бат1иял тайпаялъул (г1инзулаб, берзулаб, кант1изариялъулаб, баян гьабиялъулаб, творческияб г1адал) диктантал гьарун.

**Авар мац1алъул дарсазда цоги предметазулгун бухьен**

Школалда ц1алдохъабаз аслияб куцалда лъазабула литературияб мац!. Гьединлъидал щулияб бухьен бук!ине ккола адабияталъул курсалъулгун. Гьениб к1вар кьезе ккола художествиял асаразде. Гьелъ рес кьола мац!алъул цо-цо хаслъаби цереч1езаризе, раг1аби х1алт1изариялда, грамматикиял формабазда, бат1и-бат1иял синтаксисиял г1уц1абазда, тексталъул бут!абазул ва предложениязул бухьеналъул къаг1идабазда, калам х1алт1изабиялъул бат1и-батТиял рахъазда хурхарал суалал баян гьаризе.

К1удияб к1вар буго г1урус мац1алъулгун бухьен кквеялъулги. Гьелъги рес кьола к1иябго мац1алъул грамматикиял г!аммал ва хасал рахьал ч1езаризе, ай цого классалда гьеб к!иябго лъазабулелъул, гьезул дандекколелги кколарелги рахъазул х1исаб гьабун, дарскьей чара гьеч!еб методикияб къаг1идалъун ккола. Гьебго абизе бегьула школалда лъазабулеб къват1исеб пачалихъалъул мац!алъул х1акъалъулъги.

# Авар мац1 8 класс

| № п/п | Дарсил тема | Саг1тазул къадар | Дарсил тайпа | Дарсил мурад | Рокъобе х1алт1и |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **5-7** кл. малъараб материал такрар гьаби.<br>Фонетика | 1 | Такрар гьаби | 1.Фонетика такрар гьабизе;<br>2. Раг1и цо мухъидаса цоги мухъиде, слогазде бикьун, боси рак1алде щвезаби;<br>3. Е, Ё, Ю Я х1арпал цо гьаракь бихьизабизеги к1иго гьаракь бихьизабизеги х1алт1изарулел раг1аби рак1алде щвезаби | § 1<br>гьум. 3 |
| 2 | Лексика ва фразеология | 1 | Такрар гьаби | 1. Лексикаялъул ва фразеологиялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 2<br>гьум. 4 |
| 3 | Раг1ул г1уц1и ва раг1и лъугьин | 1 | Такрар гьаби | 1. Суффиксаздалъун, к1иго раг1и, яги к1иго кьибил жубаялдалъун раг1аби лъугьинари камил гьабе;<br>2. Журарал раг1аби к1алзул ва хъвавул каламалъулъ бит1ун х1алт1изаризе ругьун гьари | §3<br>х1. 10<br>гьум. 5 |
| 4 | Морфология<br>Раг1абазул диктант | 1 | Такрар гьаби | 1. Каламалъул бут1абазул, гьезул формабазул, гьел лъугьиналъе ругел ресал рак1алде щвезари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §4<br>х1. 12<br>гьум.5 (лъ.) |
| 5 | Синтаксис ва пунктуация<br>Предложениялдаса раг1абазул дандраялъул бат1алъи | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Предложениялдаса раг1абазул дандраялъул бат1алъи бич1ч1изаби;<br>2. Раг1абазул дандраяздаса предложениял г1уц1изе ругьун гьари | § 5<br>гьум. 7-11 |
| 6 | Контролияб диктант «Г1иса» | 1 | Х1асил гьаби | 1. Бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул ц1алдохъабазул лъай борци | Малъараб материал такрар гьаби |
| 7 | Раг1абазул дандраязульги | 1 | Ц1ияб дарс | 1. Раг1абазул бухьеналъул х1акъалъулъ бици; | § 6 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | предложениязульги раг1абазул бухьен. Диктанталъул анализ | | малъи | 2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | гьум. 12-14 |
| 8 | Раг1абазул дандраязулъ ва предложениязулъ раг1абазул тартиб | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Раг1абазул дандраял раг1абазул цо ч1араб тартибалда лъезе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 7<br>гьум. 15-16 |
| 9 | Логикияб ударение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Логикияб ударениялъе г1аммаб баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 8<br>гьум.17 |
| 10 | Предложение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Предложениялъе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 3-6 предложение г1уц1изе |
| 11 | Хабариял, суалиял ва т1алабиял предложениял. Ах1ул предложение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Хабариял,суалиял, т1алабиял предложениязул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 9<br>гьум. 18-21 |
| 12 | Т1ирит1ич1ел ва т1ирит1арал предложениял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Т1ирит1аралги т1ирит1ич1елги предложениязда гьоркьоб бат1алъи бихьизабизе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 10<br>гьум. 22-24 |
| 13 | Хасалихълъи. Сочинение. Калам цебет1езаби | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Т1абиг1аталъул хиса-баси кинаб бугебали ц1алдохъабазда бихьизе лъай;<br>2. Т1абиг1ат ц1унизе ва гьелде рокьи жеги ц1ик1к1инаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Сочинение лъугьинабизе |
| 14 | Предложениялъул бет1ерал членал.<br>Подлежащее | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Предложениялъул бет1ерал членазе г1аммаб баян кьезе;<br>2.Подлежащее бет1ераб член бук1ин бич1ч1изаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 11 х1 46, гьум. 26 |
| 15 | Сказуемое. Раг1абазул диктант | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Сказуемоялъе бет1ераб член х1исабалда г1аммаб баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §12 гьум. 26-27 |
| 16 | Г1адатаб глаголияб сказуемое | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Сказуемое такрар гьаби;<br>2.Г1адатаб глаголияб сказуемоялъе г1аммаб баян кьезе;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 14 х1 5<br>гьум. 29 |
| 17 | Ц1арулаб составияб сказуемое | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Ц1арулаб составияб сказуемоялъул г1уц1иялъул бицине;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 14<br>х1 55<br>гьум. 33 |
| 18 | Глаголияб составияб | 1 | Ц1ияб дарс | 1. Глаголияб составияб сказуемоялъул г1уц1иялъул бицине; | § 15 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | сказуемое | | малъи | 2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | х1 64<br>гьум 34 |
| 19 | Бит1араб дополнение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Бит1араб дополнениялъе баян кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §16<br>х1 69<br>гьум. 36 |
| 20 | «Чанахъабазул гамач1»<br>Калам цебет1езаби | 1 | Калам цебет1езаби | 1.К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби; | Изложениялъе х1адуризе |
| 21 | Ругьунлъиялъул изложение. «Чанахъабазул гамач1» | 1 | Калам цебет1езаби | 1.К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби;<br>2. Бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул лъай борцине | Малъараб материал такрар гьаби |
| 22 | <u>Предложениялъул бет1ерал гурел членал</u><br>Определение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Предложениялъул бет1ерал гурел членазе бич1ч1и кьезе;<br>2. Определениялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 17<br>х1 73<br>гьум. 40 |
| 23 | Цадахълъел | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Цадахълъелалъе баян кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §18<br>х1. 77<br>гьум. 43 |
| 24 | Хъвалсараб дополнение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Хъвалсараб дополнениялъе баян кьей;<br>2.Предложениязда жанир хъвалсараб дополнение батизе ц1алдохъаби ругьун гьари | §19<br>х1 82<br>гьум. 45 |
| 25 | Х1алал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Х1алалъе г1аммаб баян кьезе;<br>2. Пред. членал такрар гьари;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 20<br>гьум. 46-47 |
| 26 | Бак1лъун бугеб х1ал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Бак1лъун бугеб х1алалъе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 21<br>х1 88<br>гьум. 48 |
| 27 | Заманалъун бугеб х1ал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Заманлъун бугеб х1алалъе авалияб баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 22<br>гьум. 48-49 |
| 28 | Ишалъул куцлъун бугеб х1ал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Ишалъул куцлъун бугеб х1алалъул цогидал х1алаздаса бугеб бат1алъи бихьизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 23<br>гьум. 50 |
| 29 | Г1илла-мурадлъун бугеб х1ал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Х1алал такрар гьари;<br>2. Г1илла-мурадлъун бугеб х1алалъе бич1ч1и кьезе;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 24<br>х1 99<br>гьум.51 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 30 | Хасел. Калам цебет1езаби | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Хасалил т1абиг1аталде рокьи ц1ик1к1инаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Сочинениял ъе х1адуризе |
| 31 | Сочинение. Хасел | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Хасалил т1абиг1аталде рокьи ц1ик1к1инаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Малъараб материал такрар гьаби |
| 32 | Г1адатал предложениязул тайпаби.<br>Подлежащее баянлъич1еб предложение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Подлежащее баянлъич1еб предложениялъе авалияб бич1ч1и кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 25<br>гьум. 51-52 |
| 33 | Подлежащее гьеч1еб предложение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Подлежащее гьеч1еб предложениялъе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 26<br>гьум.52 |
| 34 | Бит1араб дополнение гьеч1еб предложение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Бит1араб дополнение гьеч1еб предложениялъе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 27<br>гьум. 53 |
| 35 | Контролияб диктант. Х1амид | 1 | Х1асил гьаби | 1. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул лъай борцине | Малъараб материал такрар гьаби |
| 36 | Ц1арлъовул предложение. Диктанталъул анализ | 1 | Ц1ияб дарс бици | 1. Ц1арлъовул предложениялъе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §28<br>х1. 104<br>гьум. 54 |
| 37 | Т1убараб ва т1убач1еб предложение | 1 | Ц1ияб дарс бици | 1.Т1убач1ебги т1убарабги предложениялда гьоркьоб бугеб бат1алъи бихьизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §29<br>гьум. 55 |
| 38 | Т1убараб ва т1убач1еб предложение | 1 | Ц1ияб дарс бици | 1.Т1убач1ебги т1убарабги предложениялда гьоркьоб бугеб бат1алъи бихьизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Диалог г1ц1изе |
| 39 | Предложениялъул тайпа цоял членал | 1 | Ц1ияб дарс бици | 1. Предложениялъул тайпа цоял членазе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 30<br>х1. 114<br>гьум.58 |
| 40 | Тайпа цоял членалгун союзал | 1<br>4 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Сок1к1иналъул союзал х1алт1изаризе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §31<br>гьум.59-60 |
| 41 | Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби | 1 | Ц1ияб дарс бици | 1.Предложениялда жанир тайпа цоял членал лъалхъул ишарабиги лъун, рат1а гьаризе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 32<br>гьум. 60-61 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 42 | Калам г1уц1и. | 1 | Калам цебет1езаби. | 1.К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби;<br>2.Бич1ч1ун ва бит1ун хъвай | Хъван лъуг1инабизе. |
| 43 | Тайпа цоял членалгун цадахъ г1амлъул раг1аби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Г1амлъул раг1абазе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 33 гьум.62-64 |
| 44 | Баркиялъул кагъат хъвазе. Калам цебет1езаби | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Баркиялъул кагъат х1адуризе |
| 45 | Обращение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Обращениялъе г1аммаб баян кьезе;<br>2. Предложениялда жаниб обращение бат1а гьабизе ругьун гьари | §34 х1. 135 гьум. 68 |
| 46 | Гьоркьор кколел раг1аби ва предложениял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Гьоркьор колел раг1абазул ва предложениязул х1акъалъул бич1ч1и кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 35 гьум. 69-71 |
| 47 | Гьоркьор кколел раг1аби ва предложениял | 1 | Малъараб дарс щула гьаби | 1. Гьоркьор колел раг1абазул ва предложениязул х1акъалъул бич1ч1и кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 35 х1. 147 гьум. 72 |
| 48 | Раг1аби -предложениял У ва Гуро. Междометиял раг1аби предложениял. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.У ва Гуро раг1абазе аслияб бич1ч1и кьезе;<br>2. Междометиязе мисалал рачи;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 36 х1. 149 гьум. 74 |
| 49 | Сали-Сулейманица ц1иркъ къезабураб куц. Калам цебет1езаби | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби;<br>2. Сали-Сулейманил ва Альбертол г1амалалъе къимат кьей | Изложениялъе х1адуризе |
| 50 | Сали-Сулейманица ц1иркъ къезабураб куц. Изложение | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби;<br>2. Сали-Сулейманил ва Альбертол г1амалалъе къимат кьей | Малъараб материал такрар гьабизе |
| 51 | Рат1алъизарурал членалгун предложениял Бат1алъизабураб определение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Рат1алъизарурал членазе бич1ч1и кьезе;<br>2.Бат1алъизабураб определениялъе г1аммаб баян кьезе;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 37 х1. 151 гьум. 75 |
| 52 | Бат1алъизабураб цадахълъел | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Бат1алъизабураб цадахълъелалъе авалияб баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §38 гьум. 85 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 53 | Калам г1уц1и<br>Г1урус текст авар мац1алде буссинаби | 1 | Калам цебет1езаби | 1.К1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби; | Текст хъван лъуг1изабиз е |
| 54 | Рат1алъизарурал х1алал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Х1алал такрар гьари;<br>2.Рат1алъизарурал х1алазе бич1ч1и кьей;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 39<br>гьум. 79-80 |
| 55 | Рат1алъизарурал х1алал | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1.Х1алал такрар гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | х1. 163<br>гьум. 80 |
| 56 | Рат1алъизарурал членазда цадахъ хасал раг1аби | 1 | Ц1ияб дарс бици | 1.Рат1алъизарурал членазда цадахъ хасал раг1абазул бицине;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 40<br>гьум. 81 |
| 57 | Васасул х1акъалъулъ хабар. Контролияб диктант | 1 | Х1асил гьаби | 1. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул лъай борцине | Малъараб материал такрар гьаби |
| 58 | Чияр калам бицунел къаг1идаби.<br>Бит1араб ва хъвалсараб калам<br>Бит1араб каламгун предложениял.<br>Гьенир лъалхъул ишараби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Бит1араб каламалъе авалияб бич1ч1и кьезе;<br>2.Лъалхъул ишараби лъезе малъи;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §41<br>гьум. 82-85 |
| 59 | Диалог. Раг1абазул диктант | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Диалогалъе бич1ч1и кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 42<br>гьум. 87<br>Диалог г1уц1изе |
| 60 | Калам цебет1езаби. Автобиография | 1 | Калам цебет1езаби | 1.Автобиография хъвазе малъизе.<br>2.К1алзул ва хъвавул калам цебет1изаби; | Автобиогра фия лъуг1изабиз е |
| 61 | Хъвалсараб каламгун предложениял.<br>Бит1араб калам хъвалсаралдалъун хиси | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1.Хъвалсараб каламалъе баян кьезе;<br>2.Бит1араб калам такрар гьабизе;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 43<br>гьум. 88-89 |
| 62 | Цитатал ва гьенир | 1 | Ц1ияб дарс | 1. Цитатазе баян кьезе; | § 44 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | лъалхъул ишараби | | малъи | 2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | гьум. 90-91 |
| 63 | Нижер росу. Калам цебет1езаби | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ват1аналде рокьи ц1ик1к1инаби; 2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Сочинениялъе х1адуризе |
| 64 | Нижер росу. Сочинение | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ват1аналде рокьи ц1ик1к1инаби; 2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Малъараб материал такрар гьабизе |
| 65 | Предложениялъул членал. Такрар гьари | 1 | Такрар гьаби | 1. Предложениялъул членал такрар гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Предложени-ялъул членал такрар гьари |
| 66 | Предложениялъул тайпаби такрар гьари | 1 | Такрар гьаби | 1. Предложениялъул тайпаби такрар гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби; | 10 предложение г1уц1изе |
| 67 | Контролияб диктант | 1 | Х1асил гьаби | 1. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул лъай борцине | Малъараб материал такрар гьаби |
| 68 | Х1асил гьабиялъул дарс | 1 | Х1асил гьаби | 1. 8 классалда малъараб материал такрар гьаби | |

**VIII классалъул ц1алдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял т1алабал**

**Ц1алдохъабазда лъазе ккола:**

раг1абазул дандраязул, бат1и-бат1иял тайпабазул г1адатал предложениязул, рат1алъизарурал членалгун предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе;

раг!абазда гьоркьоб бугеб бухьен баян гьабизе; цо составалъул, к1иго составалъул ва лъабго составалъул, тайпа цоял ва рат1алъизарурал членал, хит1абал ва гьоркьор ккарал раг1аби ругел г1адатал предложениял г1уц1изе.

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**

**Пунктуацияльул рахъалъан:**

VIII классалда малъарал пунктограммаби ратун, гьенир лъалхъул ишараби лъезе;

тайпа цоял членал, хит!аб, гьоркьор ккарал раг1аби ва междометиял, рат1алъизарурал членал ругел предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе;

кколеб бак1алда подлежащеялдаги сказуемоялдаги гьоркьоб тире лъезе.

**Калам г1уц1иялъул рахъалъан:**

культуриял ва тарихиял бак1азул сурат цебеч1езабулел текстазда т1асан изложение хъвазе;

художествиял текстал пасих1го ц1ализе; жиндирго автобиография бицине (абунги хъванги); газеталъе макъалаби, данделъиялъул протокол хъвазе; зах1маталъул темаялда ва гь.и. т1асан творческиял сочинениял хъвазе.

МКОУ «Стальская гимназия»

Рассмотрено :
Зам. директора поНМР
Гимбатова М.Д.
« 29 » 08.2023

Утверждаю :
Директор МКОУ
«Стальская гимназия»
Гаджимагомедов М.Я.
«29 » 08. 2023

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## по родной (аварской) литературе
## 8 класс (34ч)

Учитель- Гусейнова Г.О.

2023-2024 учебный год

**ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН**

Художествияб адабияталъ к1удияб кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, г1агараб халкъалъул рух1ияб бечелъиялъул кьуч1алда г1олилазе тарбия кьезе.
Гьединлъидал школалда малъизе т1аса рищун руго ц1алдохъабазе мустах1икъал, маг1наялъул ва мац1алъул рахъалъ щвалде щварал авар литератураялъул ва вацлъиялъул миллатазул цо-цо асарал. Гьезда т1ад х1алт1улаго, лъималазда лъазе ккола художествиял асаразул анализ гьабизе, гьезие бит1араб къимат кьезе ва адабияб теориялъул к1вар бугел баяназдаса пайда босизе, гьелдаго цадахъ гьезие рагьизе ккола художествияб каламалъул пасих1лъи ва гъварилъи. Раг1ул устарлъиялъул асарал малъи ккола адабияб курсалъул аслияб рахълъун.
Малъиялъул мурадлъун ккола раг1ул устарлъиялда лъимал хадур гъезари, камилал художествиял асаразда гъорлъе раккизе ругьун гьари, пасих1аб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачин, гьелъул кьуч1алда асаразулъ рихьизарурал обществиял гьоркьорлъабаздалъун, г1адамазул г1амал-хасиятаздалъун авторасе абизе ва бихьизабизе бокьараб аслияб пикру рагьиялде ва бич1ч1иялде рач1ин.
Адабияб курсалда жаниб хасаб бак1 ккола ват1ан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи ккваялъул, дунялалъулго зах1матхалкъалъул мурадал ц1унbackupиялъул асар ц1алдохъабалъ куцаялъ.
Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула миллатазул адаб-х1урмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи бищун къиматаб бечелъи х1исабалда къабул гьабизе. Гьеб мурадалъе г1оло ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул литератураялдаса авар мац1алде руссинарурал лъик1ал асаразулгун.
Лъайгун тарбия кьеялъул масъалабиги, ц1алдохъабазул г1елалъулаб х1албихьиги х1исабалде босун, авар мац1алда литератураялъул курс г1уц1ун буго к1иго бут1аялдасан: т1оцебесеб V-IX классазда литературияб ц1али, к1иабилеб — дагъистаналъул литератураялъул курс.
V-IX классазе ц1алул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги ц1унун. Гьениб х1исабалде босула байбихьул классазда ц1алул дарсазда лъималазе щвараб х1албихьи ва гьениб лъураб кьуч1алда г1уц1ула хадубккун литературияб ц1али.
V-IX классазда малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъик1ал ресал ругел, рич1ч1изе бигьаял, художествияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб к1алзул гьунаралъул, авар адабиятальул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул т1аса рищарал асарал.

Гьаб программаялъул аслияб т1алаб: литератураялде лъималазул рокьи ц1ик1к1инаби; чвахун ва пасих1го ц1алиялъул бажари камиллъизаби; малъулел асаразул гъварилъуде раккизе ва аслияб пикруялда (идеялда) хадур гъезе к1везелъун, анализалъе авалияб роцада лъимал ругьун гьари, т1ахьал ц1ализе гьира-шавкъ бижизаби.

V-IX классазе т1аса рищарал асараз рес кьола ц1алдохъабазул г1умруялъул х1албихьи бечед гьабизе, сипатияб каламалъул лазат босизе лъималазда малъизе, гьезулъ рух1ияб сахаватлъи куцазе, г1умруялда дандч1валел г1емерал лъугьа-бахъиназе бит1араб къимат кьезе ругьун гьаризе.

Щибаб классалъул курс г1уц1ун буго тарихиябгун тематикияб тартибги ц1унун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай г1амлъизабизе, литературиял асаразда кколел лъугьа-бахъинал ч1ванкъот1араб тарихияб заманалда хурхарал рук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1изабизе, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб бат1и-бат1ияб тарихияб заманалъул г1адамазул г1умруги г1амал-хасиятги ва рук1а-рахъинги гвангъун цебеч1езабун бук1ин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб къоялдаги гьел малъулел асаразул бугеб к1вар: гьанжесеб г1умруялъе бит1араб къимат кьун бажаруларо, аралда данде кквеч1ого.

X-XI классазда малъула дагъистаналъул литература.

X-XI классазда малъизе х1исабалде росун руго дагъистаналъул вацлъиялъул миллатазул машгьурал раг1ул устарзабазул т1асарищарал асарал.

Т1асиял классазда авар ва дагъистаналъул литература малъиялъул аслияб масъалалъун ккола художествиял асарал гъваридго рич1ч1улев, гьезул идеялда (аслияб пикруялда), сипатияб каламалъул хаслъабазда хадув гъолев, гьезие бит1араб къимат кьун бажарулев, жиндир халкъалъул рух1ияб бечелъи босарав чилъун щивав ц1алдохъан вахъинави.

Авар адабияталдаги инсаниятальего г1аммал образал ратизе ва ратla рахъизе лъимал ругьун гьарула. Учителас ц1алдохъабазда малъула, халкъалъ ч1езарурал рух1иял г1урхъабазда рекъон, героязул хьвада-ч1вади, г1амал-хасият борцине. Гьебго х1алт1и г1урус адабияталъул дарсаздаги гьабулелъул, к1иябго адабияталда рух1иял т1алабал т1урараб куц данде ккун, г1аммал рахъал ратани, лъимал х1асилалде рачине зах1малъуларо.

Школалда малъизе т1асарищун руго хъвадарухъанасул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялье мустах1икъал асарал.

Ц1алдохъабазда т1адаб буго классалданиги рокъобниги гьел асарал т1уранго ц1ализе. Ц1алулаго лъугьараб рух1ияб асаралъул кьуч1алда гьабула анализалъулаб х1алт1иги.

Асарал малъулаго, хъвадарухъанасул г1умруялъул ва творческияб нухалъул х1акъалъулъ баяналги кьезе ккола. Гьелъ квербахъула художествиял асарал гъваридго рич1ч1изаризе гуребги, ват1аналъе рит1ухъав, халкъалъул рух1ияб байрахъ борхатго ккvезе къеркьарав раг1ул устарасул х1алуцараб г1умру, жигараб х1аракатчилъи баян гьабизеги. Гьелъул х1асилалда ц1алдохъабазда цебе ч1езе ккола т1олабго жиндир пагьму-гьунарги рек1ел бух1иги хирияб Ват1аналъе, г1агараб халкъалъе хъулухъалъе кьурав г1акъилав авторасул гвангъараб сипат.

Аваразул ва дагъистаналъул цогидалги миллатазул адабияталъул г1аммаб цебет1еялъул бицинеги программаялда заман бихьизабун буго.

Анализ гьабулелъул, т1адч1ей гьабула малъизе рихьизарурал асаразда ва пайда босула цереккун малъараздаса.

«1946-1990 соназда дагъистаналъул халкъазул адабият» малъулаго, т1адч1ей гьабизе ккола программаялда кьурал т1асарищарал асаразда.

X-XI классазда дагъистаналъул цогидал миллатазул литератураялдаса бищун лъик!ал раг1ул устарзабазул цо-цо асарал гъваридго малъиялъ рес кьола Дагъистаналъул халкъалъул гъунки, рух1ияб цолъи, г1ахьалаб къисмат, бат1и-бат1ияб кьералъул цогояб культура бук1ин бихьизабизе, миллатазда гьоркьоб гьуинлъи-вацлъи бищун т1адег1анаб хазиналъун лъугьин баян гьабизе. Дагъистаналъул хъвадарухъабазул цебесеб ва гьанжесеб къисматалъул релълъен, гьезул адабият цогояб чвахиялде свери баянго бихьизабизе бигьалъула, дандеккун хал гьабураб мехалъ.

Программаялда мух1канго ч1езарун руго щибаб классалда лъималазда лъазе кколел литературияб теориялдаса баянал. Теориялдаса авалиял баянал кьезе байбихьула 5 классалда, хадубккун гьезул сиях1 ц1ик1к1инабизе, малъарал гъварид гьаризе х1исабалде росун руго. Асаразул анализ гьабулелъул, ц1алдохъабаз теориялъул баяназдаса г1ат1идго пайда босизе ккола.

34 **саг1ат ,**1 саг1ат **анкьида жаниб**.

**Авар адабият 8 класс**

| № п/п | Дарсил тема | Саг1тазул къадар | Дарсил мурад | Рокъобе х1алт1и | Планалъулаб къо-моц1 | Х1ужжаялъулаб къо-моц1 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Гъорлъелъугьин. Художественнияб калам. | 1 | 1.Худ.ва г1елмиябги адабияталъулбицине;<br>2. Авар адабияталдерокьи ц1ик1к1инаби | Гъум. 3-4 (учебн.) | 03,09 | |
| 2 | Халкъияб к1алзул гьунар.<br>Хиянатчи | 1 | 1. Халкъияб к1алзул гьунаралъуласаразеавалияб баян кьезе;<br>2. Хияналъи г1адамасда рекъеч1еб г1амал-хасият бук1ин бич1ч1изаби<br>1. Мац1ихъанлъи вабугьтанлъей г1адамал балагьаздерачунезулцоябкколавагьебкъисаялъулъбихьизаби;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум 3-9<br>Гьум 9-10 (учебн.) | 10.09 | |
| 3 | Хочбар | 1 | 1. Кеч1 ц1али;<br>2. Кеч1, ролаздебикьун, ц1али;<br>3. Ц1алул бажариборхизаби<br>1. Хочбарил ях1-намусалъул, бах1арчилъиялъул к1одолъиялъул бици;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум 9-16 п/ц1.<br>Кесек рек1ехъе лъазабизе | 17,09 | |
| 4 | Калам цебет1езаби. Хочбарил образ. Сочинение | 1 | 1. Хочбарил бах1арчилъи, ях1-намусалъул к1одолъи, рух1ияб бечелъибихьизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | | 24,09 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 5 | XIX г1асруялъул адабият.<br>Лекция | 1 | 1. XIX г1асруялъул адабияталъе г1аммаб баян кьезе;<br>2. Адабияталдерокьи ц1ик1к1инаби<br>3. Хъвадарухъанасул г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьезе;<br>4. Имам Гъазимух1амад щивколеввачанабилев имам гьевкколевали баян кьей;<br>5. Ц1алул бажариборхизаби | Гьум. 20-21 (учебн.)<br>Гьум 17-20 | 01,10 | |
| 6 | Имам Гъазимух1амад ч1ваялде | 1 | 1. Имам Гъазимух1амадие коч1олъ кьолеббугебкъиматбихьизаби;<br>2. Маг1арулазул рахъборхизабун, к1одо гьабун, коч1олъ бихьизаби | Гьум 35-40 (учебн.) | 08,10 | |
| 7 | Инхоса Г1алих1ажияв Гьекъел-мехтел | 1 | 1. Г1умруялъул х1акъалъулъ гара-ч1вари;<br>2.Гьакълил «баракат»-бокьун г1адаллъи; мехтиялъул «т1ок1лъи»-т1ут1лъун г1адан лъугьин-коч1ол аслиябпикру бич1ч1изаби;<br>3. Ц1алул бажариборхизаби | Гьум 22-25 | 15,10 | |
| 8 | Исрапчиясде<br>Ракь | 1 | 1. Щибгожоинсанасисрапгьаби коч1олъ какунбугеб куц бихьизаби. Ниг1маталъул къадру-къиматгьабизекколеб бук1ин бич1ч1изаби;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби ;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби.<br>4. Инсанасулахириябрукъалъулбици (гьесулахират бук1уна ракьулъ). Гьенирращалъулакиналго; мискинавги, бечедавги, ч1ух1аравги, г1акъилавги, гьудул-гьалмагъги, рос-лъадиги-коч1ол философия пикру бич1ч1изаби<br>5. Ц1алул бажариборхизаби;<br>6. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум 26-27<br>Гьум. 27<br>Рек1ехъе лъазабизе | 22,10 | |
| 9 | Элдарилав. Росу берцин | 1 | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ баян;<br>2. Ч1ужуг1аданалъул берцинлъи, напс к1одо гьаби-шаг1ирасул аслияб тема бук1ин бич1ч1изаби;<br>3. Ц1алул бажариборхизаби; | Гьум. 29-30 | 29.10 | |
| 10 | Жергъенгьартунккана | 1 | 1.К1игьумерчилъиялъи, гурх1ел гьеч1олъи, къарумлъикаки;<br>2. Эльдариласул куч1дузул аслияб тематика бихьизаби;<br>3. Г1адатал г1адамазул т1адег1анаб рух1ияб бечелъи, чилъи, бац1ц1адаб ях1-намус бещунбугеб куц бихьизаби;<br>4. К1алзул калам цебет1езаби | Гьум 30-33<br>Гьум. 43-45 (учебник.) | 12.11 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 11 | Бакьайч1иса Ч1анк1а.<br>Сайгидул Бат1алиде | 1 | 1. Шаг1ирасул х1акъалъулъ къокъаб баян кьей;<br>2. Маг1арул г1олохъабазул бах1арчилъиялъул бицунбугеб куц бихьизаби;<br>3. Ц1алул бажариборхизаби;<br>4. Мухьдахъяпониязулрагъде рит1арал дагъистаниязулкъисматбихьизаби;<br>5. Щибго маг1на гьеч1еб рагъдахолел бах1арзазул г1умруялда шаг1ир барахщибихьизаби | Гъум. 35-55 | 19,11 | |
| 12 | Т1алх1атиде | 1 | 1.Бац1ц1адаб рокьи т1адег1анаб даражаялдебахинабунбугеб куц бихьизаби;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби<br>1. Вокьулеввихьизеясалъулбугебанищ-хьулбихьизаби. Гьелъул рек1ел х1ал загьиргьабизе шаг1ирасул бугебгьунарбихьизаби | Гъум 41-44<br>Гъум. 53-57 (учебн.) | 26,11 | |
| 13 | Хъах1абросулъа Мах1муд. Хъах1илаб зодихъе баг1арбакъул нур | 1 | 1. Шаг1ирасул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2.Шаг1ирасул творчествоялдехунрокьибижизаби<br>3. Ч1ужуг1адан т1адег1анаб даражаялдеяхинайи-аслияб коч1ол пикру.<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гъум. 46-49<br>Гъум. 68-69 (учебн.) | 03,12 | |
| 14 | Рокьулконторалъулкавугирагьун | 1 | 1. Бац1ц1адаб рокьиялдехун лъик1аб бербалагьи-авторасуласлияб тема бук1ин бихьизаби;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гъум 49-51 | 10,12 | |
| 15 | Почтовой кагътидекеренгичучун | 1 | 1. Рокьиинсанасул рух1ияб бечелъи бук1ин бич1ч1иззаби;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби; | Гъум 51-55 | 17,12 | |
| 16 | Калам цебет1езаби. | 1 | 1. К1алзул вахъвавул калам цебет1езаби;<br>2. Малъараб материал такраргьаби. | | 24,12 | |
| 17 | ИнхелосаКъурбан. Наибзаби х1елун | 1 | 1. Шаг1ирасул х1акъалъул баян кьезе;<br>2. Рагъда бах1арчилъи бихьизабурал г1олохъабазул бици;<br>3. Ц1алул бажариборхизаби; | Гъум. 58-60 | 14,01 | |
| 18 | Борхатаб маг1арда<br>Бахъа, къалам. Г1енекке йокьулей | 1 | 1. Къурбанилрокьуллирикаялъулбици;<br>1. Т1егьалда, бакъ-моц1алда, ц1вабзазда, алжаналъул х1урулг1иналда йокьулейрелъльингьаюнйигеб куц бихьизаби;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби | Гъум. 60-64 | 21,01 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 19 | Дагъистаналъулхалкъазуладабияталдаса.<br>Къалухъа Мирза<br>Ханасежаваб.<br>Г1ашикъ-булбул | 1 | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>2. Ханзабазул, бегзабазул рах1му гьеч1олъи, халкъалъезулмугъаби коч1олъ какунбугеб куц бихьизаби;<br>3. Талих1къаралминскинзабазугун г1умру дандеккун, Мирзаца ах1араб кеч1. Булбулалде хит1аб гьабун, рак1чучи бихьизаби | Гьум. 65-66 | 28.01 | |
| 20 | ЙирчиГъазахъ. Векьарухъанасул кеч1 | 1 | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ баян;<br>2. Векьарухъанасул г1умруялъул сипат-суратбихьизаби;<br>3. Ц1алул бажариборхизаби; | Гьум. 67.<br>Рек1ехъе лъазабизе | 04.02 | |
| 21 | ЯтимЭмин.<br>Васият<br>Къват1ул харбал ц1алк1улел хералруччабазде | 1 | 1. Шаг1ирасул г1умру ваадабияб х1аракат;<br>2. Бечедаздагимискинзабаздагигьоркьоб шаг1ирас ч1валеб рух1ияб г1урхъи бихьизаби;<br>3. Квешлъиялъулва т1екълъиялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьей. Мац1гьабугеянхералруччабаздеЭминилгьари. Къват1ул харбаз шаг1ирасул г1умру хвезаби;<br>4. Ц1алул бажариборхизаби; | Гьум. 68- 69<br>Рек1ехъе лъазабизе | 11.02 | |
| 22 | Мунги Ах1мад Паналъаябдуниял Шамилил суд | 1 | 1. Г1умруялъул х1акъалъулъ баян;<br>2. К1иго бат1ияб г1умрудул г1адамазул х1акъалъулъ бицунбугеб куц бихьизаби;<br>3. Рит1ухълъи кибго бук1ине кколеблъи бич1ч1инаби;<br>4. Ц1алул бажариборхизаби;<br>5. Шамилил бах1арчилъи ва къвак1и бихьизабунбугебкуц баян гьаби. Бах1арчиясул ц1ар хехго т1ибит1иялъе г1илла ц1алдохъабазда лъай; | Гьум. 71<br>Гьум. 70-71 | 18.02 | |
| 23 | Класстун къват1исеб ц1али. Имам Шамил.(кино) | 1 | | | 25.02 | |
| 24 | <u>ХХ г1асруялъул адабият</u><br>Ц1адаса Х1амзат<br>АйдемирваУмайгьанат | 1 | 1. ХХ г1асруялъул авар адабияталъулавалияб баян кьезе;<br>2. Адабияталдехунрокьи ц1ик1к1инаби<br>3.Шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>4.Творчествоялдехун рокьи ц1ик1к1инаби<br>5. Пьесаялъулгунлъай-хъвайгьаби;<br>6. Ролаздебикьун, ц1али;<br>7. Анализ гьаби | ХХ г1асруялъул адабият<br>Гьум. 100-105 (учебн.)<br>Гьум. 72-94 | 04.03 | |
| 25 | АйдемирваУмайгьанат | 1 | 1. Г1адамазул г1умруялъул квешалрахъалрихьизари;<br>2. Ролаздебикьун, ц1али; | Гьум. 94-100 | 11.03 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 3. Ц1алул бажариборхизаби; | | | |
| 26 | АйдемирваУмайгьанат | 1 | 1. Г1адамазул г1умруялъул квешалрахъалрихьизари;<br>2. Ролаздебикьун, ц1али;<br>3. Ц1алул бажариборхизаби; | | 18.03 | |
| 27 | Пьесаялъул анализ | 1 | 1. Аслиялгероязекъиматкьей;<br>2. Инсанасулквешалрахъал къват1ир ч1вазаризе Х1амзатил бугебмахщелбихьизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Умайгьанатил монолог рек1ехъе лъазабизе | 25.03 | |
| 28 | Г1умруялъул дарсал | 1 | 1. Поэма ц1али;<br>2. Поэтаскьолелругел насих1атазул бицине;<br>3. Поэтасултворчествоялдехунрокьи ц1ик1к1инаби;<br>4. Поэмаялъул тема ва идея рагьи;<br>5. Цебесеб г1елги гьанжесеб г1елги дандекквезелъай;<br>6 Ц1алул бажариборхизаби;<br>7. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 101-108 Суалазежаваб кьезе | 08.04 | |
| 29 | Мух1аммад Хуршилов. Сулахъалъ нуг1лъи гьабула | 1 | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ баянал;<br>2. Романалъулгунлъай-хъвайгьаби;<br>3. Маг1арул халкъалъултарихалдерокьи ц1ик1к1инаби;<br>4. Ц1алул бажариборхизаби;<br>5. Роман ц1али;<br>6. Анализ гьаби;<br>7. Ц1алул бажариборхизаби | Гьум. 109-150 | 15.04 | |
| 30 | Боркьарабрагъ | 1 | 1. Анализ гьаби;<br>2. Ц1алул бажариборхизаби; | Гьум. 150-173 | 22.04 | |
| 31 | Калам цебет1езаби | | 1. К1алзул калам цебет1езаби<br>2. Анализ гьаби;<br>3. Ц1алул бажариборхизаби | | 29.04 | |
| 32 | Мух1аммад Шамхалов. Вац. | 1 | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьезе;<br>2. Хабар ц1али<br>3. Ригьнадагьрокьор хут1арал басриял г1адатал ц1ияб г1елалъ х1ат1икь лъолел рук1ин-хабаралъул аслияб тема бук1ин бич1ч1изаби;<br>4. Анализ гьаби | Гьум. 174-187 | 06.05 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 33 | Дагъисаналъулхалкъазуладабияталдаса<br>Анвар Аджиев.<br>Бах1арчиясул куркьби<br>ЮсупХаппалаев. Оцбай<br>Халкъияб кеч1<br>МуталибМитаров.<br>Устар | 1 | 1. Г1умруялъул ватворчествоялъулбицине;<br>2. Замананиги, дунялхисаниги, халкъалъе г1оло г1умруги рух1ги кьураб бах1арчиясе хвел бук1унареблъи бихьизаби;<br>3. Байрамазул х1акъалъулъ бицине<br>4. Г1умруялъул х1акъалъул къокъаб баян;<br>5. Ц1алул бажариборхизаби;<br>6. Перил сипаталъекъиматкьей;<br>7. Ц1алул бажариборхизаби;<br>8. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гъум. 188-200 | 13.05 | |
| 34 | Калам цебет1езаби | 1 | 1. Малъараб материал такраргъаби. | | 20.05 | |
| 35 | Класстун къват1иб ц1али. | | | | 27.05 | |

## Лъаялъулвабажарияльулрахъалъ VIII классалъул ц1алдохъабазда церелъолеласлиял т1алабал

### Ц1алдохъабазда лъазеккола:

- льазаруралaсаразулвагьезулавторазул ц1арал;
- льазаруралaсаразуласлиялтемабивагьезул г1уц1иялъул хасалрахъал;

- льазаруралхабарияласаразулбагьадуралги, гьез г1ахьаллъи гьа-булелллъугьа-бахъиназулрахасги;
- адабияталъултеориялдасабаянал;
- программаялдарихьизарунругелтекстал рек1ехъе лъазаризе

**Ц1алдохъабазухъа бажаризеккола:**

- хъвадарухъанас г1уц1арал лъугьа-бахъиналпикрудалъгвангъун цереч1езаризе; лъазабулебасаралдажаниб;
- пикруябгунхудожествиябрахърагьизесипатиял раг1абазул к1вар батизе;
- муг1алимас кьураблогикиябсуалалдарекъонасаралъулбагьаду- разул г1амал-хасият рагьизе;
- художествияласарал пасих1го ц1ализе;
- минуталдажаниб 120—130 раг1и кколебхехлъиялдалъазаруралаcарал рит1ун , раг1ун вачвахун ц1ализе
- хабариябасаралъе, яги гьелъулцо бут1аялъе план бахъизе;
- жиндирго к1алъаялъе план ургъизе;
- жинцаго ц1алараб асаралъекъиматкьезе, гьебасаралъулбагьадураздехун, лъугьа-бахъиназдехунлъугьарабжиндиргобербалагьизагьиргьабизе.